

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Di sabudeureun kahirupan masarakat, minangka mahluk sosial, kalungguhan kaum wanoja dina widang sosial jeung ékonomi masih dianggap héngkér ku anggota masarakatna sorangan. Tapi ku kamekaran jaman, kaum wanoja téh beuki katitén éksisténsina. Salasahiji usaha kaum wanoja dina merjuangkeun hak jeung kalungguhanana bisa disalusur ku ayana gerakan kaum féminis. Gerakan féminis minangka usaha merjuangkeun kalungguhan wanoja ogé bisa dititén dina karya sastra hususna anu dikarang ku panulis wanoja. Ieu hal dimimitian ku penggiat-penggiat féminis Amerika di kalangan akademik anu ngulik isu-isu wanoja nepi ka widang kasusastraan.

Sastra mangrupa karya ciptaan manusa anu mibanda sipat mandiri jeung harmonis antara wangun jeung eusina. Ku sabab mangrupa hasil karya manusa, tangtuna eusi karya sastra téh miboga tujuan atawa ajén nu tangtu ti pangarangna anu udaganana pikeun ngagiring pamaca kana aspirasi anu rék ditepikeunana. Karya sastra anu ditulis ku hji pangarang jeung ngandung unsur féminis tangtu miboga udaganna sorangan nu biasana mangrupa aspirasi atawa kampanye anu aya patalina jeung isu-isu gender anu hirup dina mangsana.

Karya sastra anu bakal ditalungtik nyaéta buku kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani anu medal taun 2014. Ieu buku kumpulan carita pondok mangrupa karya kumpulan carita pondok Tiktik Rusyani anu kadua nu diterbitkeun sabada karya saacanna nyaéta *Lalaki na Tungtung Peuting* nu medal taun 2013. Carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* kungsi jadi pinunjul saémbara nulis carita pondok nu diayakeun ku SKM *Kujang*. Saterusna karya-karya Tiktik Rusyani mindeng terbit dina majalah *Manglé* jeung rubrik carita pondok Sunda *Tribun Jabar*. Dina buku kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* aya genep judul carita pondok séjénna, nya éta: *Nu Arindit Wanci janari, Apa, Haté Indung, Pindah, Turus*, jeung *Lilir*. Tangtu tina kumpulan carita

pondokna téh miboga témana séwang-séwangan anu ngirut jeung penting pikeun dikaji.

Wanoja salaku pangarang sastra nyaéta wanoja Sunda anu ngaliwatan kristalisasi pamikiran jeung pangalamanana dina maham kahirupan jeung kabudayaan ngahasilkeun kréativitas ngaliwatan media basa (Isnendes, 2017, kc. 44). Tiktik Rusyani, salasahiji pangarang wanoja anu aktif dina organisasi kasusastraan, nyaéta salaku anggota PATREM (Paguyuban Sastrawati Sunda) anu kungsi jadi pangurus dina widang Hubungan Masarakat taun 2018-2020. Salian ti organisasi kasusastraan, ogé aktif jadi aktivis sosial di hiji LSM di kota Bandung anu mindeng ilu biung dina seminar ngeunaan hal anu patali jeung kawanojaan, sarta jadi wiraswastawati. Ku kituna, teu ahéng deui saupama karya-karya anu dihasilkeun Tiktik Rusyani téh bisa matak ngirut, lantaran kasang tukang anu patali jeung ranah kapangarangan ogé sosial-ékonomi tangtu mangaruhan kana hasil tulisanana anu teu leupas tina pangalaman jeung beungkeutan sosial Tiktik Rusyani salaku pangarang.

Sastra nyaéta karya seni anu ngagunakeun basa minangka médiumna. Ku kituna karya sastra ogé bisa disebut minangka pakakas komunikasi antara pangarang jeung pamacana. Isnendes (2010, kc. 15) nétélakeun yén sastra miboga kalungguhan salaku pangwangun ajén kamanusaan atawa humaniora, hartina anu ditepikeun dina sastra minangka bahan teleban, lantaran ngan manusa nu mampuh nepikeun sipat-sipat kamanusaan dina karya sastra. Karya sastra ogé miboga fungsi minangka media hiburan pikeun masarakat utamana dina wangun prosa saperti dongéng, carita pondok, jeung novél. Ku kituna, salian ti galur carita nu diasongkeun ku panulis ogé ngandung aspirasi jeung argumén ngeunaan isu gender anu ditepikeun sacara tinulis téh bisa dibaca jeung diajénan ku pamacana.

Ayana hal-hal anu jadi cukang lantaran hirupna gerakan féminisme di antarana ku tuntutan kasatataan dina widang sosial-ékonomi ogé ayana sangkaan yén anggapan kalungguhan wanoja leuwih héngkér ti kaum lalaki. Ieu hal dilantarankeun ku anggapan yén wanoja leuwih cocok kana hal-hal anu sipatna domestik. Padahal geus aya sababaraha wanoja anu aktif dina widang sosial-

ékonomi sanajan masih dina kawatesan. Ku kituna, mimiti muncul kasadaran-kasadaran ti kaum wanoja yén perluna perjuangan pikeun meunangkeun hak jeung akuan sosial. Ieu hal saluyu jeung pamadegan yén fokus gerakan féminisme dina mangsa awal téh museur kana isu *ke-ibu-an* anu dianggap jadi hahalang émansipasi publik pikeun kaum wanoja (Hidayati, 2018, kc. 25)

Di sabudeureun masarakat tatar Sunda, tokoh wanoja miboga peran anu kawilang penting. Éta peran nyampak dina munculna tokoh wanoja anu diangkat dina karya sastra (Iskandar, 2012, kc. 98). Nurutkeun Sugihastuti jeung Suharto (2016, kc. 73) dina kritik sastra féminis, data anu ditalungtik miboga sifat kualitatif, misalna data-data anu ngadéskripsikeun status jeung kalungguhan wanoja dina kahirupan kulawarga, masarakat, jeung lingkungan sosialna. Sagala hal anu kapaluruh dina karya sastra mangrupa informasi anu bisa ngirut rasa kamanusaan pamacana nepi ka pamaca bisa kapangaruhan jeung kairut pikeun ngalakukeun hiji hal. Sagala konsép anu nyampak dina karya mangrupa puseur sawangan ti panulisna anu tujuanna méré informasi ka pamaca ngeunaan hiji peristiwa, kaayaan kahirupan sosial atawa masalah anu kungsi lumangsung dina mangsana.

Nurutkeun Pramujiono (2009, kc. 128) pamarekan feminis mangrupa usaha panulis pikeun ngébréhkeun sora wanoja jeung ngangkat martabatna. Tina hasil tulisan karya sastra bakal kapaluruh kumaha citra wanoja anu kagambarkeun ngaliwatan kecap, frasa, atawa kalimah minangka medium komunikasi anu ahirna jadi gambaran visual atawa kesan mental kana hiji tokoh wanoja nu aya. Citra sosial wanoja mangrupa salasahiji citra nu patali jeung norma sarta sistem ajén nu lumaku dina hiji kelompok masarakat. Kelompok masarakat pikeun wanoja nyaéta ngawengku kulawarga jeung kelompok masarakat nu leuwih jembar (Mawarni & Sumartini, 2020, kc. 138).

Citra wanoja di kahirupan kulawarga ngagambarkeun peran wanoja minangka istri, indung, atawa budak. Citra wanoja dina wengkuan nu leuwih jembar biasana ngagambarkeun peran wanoja dina widang sosial anu patali jeung sikep sosial. Nurutkeun Andriyanto, spk (2021, kc. 97) pikeun nyumponan kapentingan pribadi

dina teori féminisme modérn merlukeun sipat manusa nu ékspresif jeung rasional dina ngarobah hakna. Citra wanoja nu patukang tonggong jeung karakter tadi, dianggap geus nempatkeun wanoja dina posisi subordinat.

Hal-hal anu geus disebutkeun minangka salasihiji idéntifikasi masalah anu bakal dipedar dina nganalisis kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani, lantaran dina éta carpon ampir kabéh carita ngagunakeun tokoh utama wanoja atawa patali jeung tokoh wanoja, anapon téma, konflik, jeung situasina teu jauh béda nyaéta ngabahas masalah anu sok karandapan ku wanoja dina mangsa kiwari anu jarang katitén ku masarakat. Masalah anu paling loba nyampak dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* téh nyaéta masalah sosial-ékonomi. Salasihiji bukti yén sosial-ékonomi téh jadi masalah anu karandapan ku tokoh wanoja nyaéta aya dina kutipan carita pondok nu judulna *Nu Arindit Wanci Janari*, waktu tokoh Ibu (kuring) nyebutkeun yén manéhna jalma anu nyakola tapi disagigireun éta, nasib manéhna ngan saukur jadi *warga negara kelas dua*. Ari *warga negara kelas dua* téh mangrupa sesebutan keur warga nagara anu ngalaman diskriminasi atawa diwatesanan ku lingkungan sabudeureunana. Citra sosial wanoja anu nyampak dina kumpulan carpon téh nyaéta kumaha kalungguhan sarta peran tokoh wanoja dina kahirupan sosialna.

Ieu panalungtikan baris maluruh kumaha répréséntasi féminisme nu nyampak dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé*, nyaéta naon waé isu *gender* jeung dipilaraanna kaom wanoja dina carpon sarta kumaha citra tokoh wanoja dina puseur sawangan sosial-ekonomi. Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar eusi karya sastra tur ngajénan karya sastra ngaliwatan perspektif féminisme. Dina nganalisis eusi kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani digunakeun pamarekan strukturalisme. Strukturalisme mangrupa pamarekan pikeun karya sastra anu sipatna otonom (Isnendes, 2018, kc. 74). Lantaran sipat sastra minangka sistem anu dinamik teu bisa didéskripsikeun sacara netep, tapi dipaluruh maksudna dina hubungan tataran jenisna anu bisa dikaji papasinganana. Anapon tiori anu bakal digunakeun pikeun maluruh struktur carita pondok nyaéta tiori Robert Stanton, anu ngabagi unsur intrinsik fiksi jadi

tilu bagian, nya éta: fakta carita (galur, tokoh, jeung latar), téma, jeung sarana carita (judul, sudut pandang, gaya basa jeung nada, simbolisme, sarta ironi) (Stanton, 2019, kc. 20).

Ulikan anu digunakeun pikeun nganalisis kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani nyaéta ulikan Kritik Sastra Féminisme (KSF). Anapon ragam kritik sastra féminisme anu digunakeun nyaéta kritik sastra féminis sosialis. Kritik sastra féminis sosialis nalungtik tokoh-tokoh wanoja tina puseur sawangan sosialis, nyaéta kelas-kelas masarakat. Udaganana pikeun ngungkarakeun yén kaum wanoja anu jadi tokoh dina karya sastra mangrupa kelas masarakat anu *dimarginalkeun* (Wiyatmi, 2012, kc. 32).

Panalungtikan saméméhna anu kungsi ditalungtik di antarana nyaéta “Citra Wanoja dina Roman Pondok *Pileuleuyan* Karya Yus Rusamsi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kelas XI (Ulikan Struktural jeung Féminisme)” ku Kaffa Kupita Robby taun 2020. Dina ieu panalungtikan panulis maluruh citra wanoja ku pamarekan féminis idéologi anu nyebutkeun yén kalungguhan wanoja dina widang ékonomi kawilang masih kaéléhkeun ku kaum lalaki, boh katitén tina kinerjana atawa dina upah anu dihasilkeunana. Sumber panalungtikanana ngagunakeun roman pondok anu hasilna dijadikeun pikeun bahan ajar pangajaran maca novél di SMA. Aya ogé panalungtikan anu judulna “Citra Wanoja Sunda dina Novél *Kembang-kembang Anten* Karya Aam Amilia (Ulikan Struktural jeung Féminisme)” ku Rifa Nurlaili Rahmah taun 2020. Dina ieu panalungtikan maluruh karakteristik wanoja anu sumber datana ngagunakeun novél *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia.

Panalungtikan séjénna nyaéta panalungtikan dina bentuk tésis ku Retty Isnendes anu judulna “Suara Perempuan dalam Novel Sunda *Puputon* ‘Buah Hati’ Karya Aam Amilia: Kajian Feminisme” taun 2004. Dina ieu panalungtikan panulis maluruh ngeunaan kalungguhan wanoja dina sastra Sunda yén wanoja dina karya sastra nu ditalungtik téh miboga dua kalungguhan, nyaéta wanoja Sunda salaku tokoh sastra jeung wanoja salaku panulis sastra. Ieu panalungtikan ogé ngaguar ngeunaan sora wanoja anu diungkarakeun ngaliwatan tokoh sastra.

Panalungtikan ngeunaan isu gender ogé lain mangrupa hal anyar dina kajian hiji karya sastra. Dina panalungtikan Andriyanto (2021) nu judulna “Subaltern pada Novel *Jemini* Karya Suparto Brata (Perspektif gayatri Spivak)” nu ngabahas kumaha kalungguhan Subaltern dina novél *Jemini* nu digambarkeun ngaliwatan tokoh wanoja di daérah Tangsi dimana kahirupanana dibelenggu ku perbudakan, kawatesan, sarta siksaan. Panalungtikan ku Arwan taun 2019 nu judulna “Perjuangan Perempuan dalam *Sarinah* Karya Soekarno: Kajian Kritik Sastra Feminis Marxis”. Hasilna ngagambarkeun kumaha gerakan perlawanan wanoja pikeun nentang penindasan ka kaumna anu ditandaan ku pamahaman wanoja ngeunaan kasetaraan hak ti sakabéh aspék kahirupan. Panalungtikan ngeunaan citra wanoja ogé kungsi ditalungtik ku Sasti Ameliawati taun 2021 nu judulna “Ketabahan Seorang Istri dan Nilai Keagamaan dalam Naskah *Siti Jaajah*” nu eusina ngaguar ngeunaan tokoh Nyi Jaajah anu digambarkeun salaku wanoja anu kuat jeung mampu ngajaga kahormatanana.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah anu geus dijéntrékeun, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta.

- 1) Kumaha struktur carita dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani?
- 2) Naon waé isu génder sosial-ékonomi dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani?
- 3) Kumaha citra sosial tokoh wanoja nu nyampak dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan tangtu miboga tujuan-tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah, tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalegaan kajian dina wilayah sastra ngagunakeun pamarekan struktural sarta maluruh réprésentasi féminisme dina sumber data anu ditalungtik.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) struktur carita dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani;
- 2) interprétasi isu génder (sosial-ékonomi) dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani; jeung
- 3) citra tokoh wanoja nurutkeun puseur sawangan sosial-ékonomi dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan tangtu miboga mangpaat anu baris dihontal, nyaéta mangpaat téoritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil panalungtikan dipiharep bisa jadi karya ilmiah anu ngalegaan khazanah sastra jeung budaya bangsa hususna dina tiori struktural jeung féminisme ngeunaan citra wanoja dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu aya dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panulis jeung masarakat.

1) Panulis

Ieu panalungtikan bisa nambahan pangalaman dina nyalusur ajén-ajén feminisme anu aya dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani. Salajengna, jadi sarana ngambah kaparigelan dina widang sastra jeung ngamalkeunana di waktu kuliah dina raraga ngaréngsekeun pendidikan.

2) Masyarakat

Dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun minangka référénsi panalungtikan saterusna, dina ulikan anu leuwih écés jeung bisa dimekarkeun deui pedaran anu teu kabahas ku panyusun dina ieu panalungtikan. Dipiharep ogé ieu panalungtikan téh bisa ngaronjatkeun karep pikeun maca karya sastra ogé nambahan pangaweruh ngeunaan kritik sastra hususna dina ragam kritik sastra féminisme.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan nya éta ngabahas kamekaran formal dina widang sastra jeung medar data isu génder jeung citra wanoja anu aya dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawe*.

1.4.4 Mangpaat Isu Sosial

Mangpaat isu sosial dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun jadi obor pangaweruh jeung ajén kahirupan anu bisa méré gambaran isu-isu sosial jeung ékonomi anu diguar dina hiji karya sastra utamana anu patali jeung isu gender sarta citra wanoja di mangsa kiwari anu dipiharep bisa jadi bahan teleban jeung motivasi pikeun masyarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab anu sacara gurat badagna medar bubuka, ulikan tiori, metode panalungtikan, hasil jeung pedaran, ogé kacindekan.

BAB I eusina ngeunaan bubuka. Dina ieu bab bakal dipedar kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan jeung watesan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta raraga tulisan.

BAB II eusina ngeunaan ulikan tiori. Dina ieu bab bakal dipedar sagala hal anu patali jeung ngarojong bahan panalungtikan, nu ngawengku tiori struktural, tiori kritik sastra, tiori féminis sosialis, tiori citra wanoja sosial, jeung tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

BAB III eusina ngeunaan métode panalungtikan. Dina ieu bab bakal dipedar desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téknik ngolah data.

BAB IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran. Dina ieu bab bakal dipedar hasil tina panalungtikan anu ngawengku déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan struktural jeung kritik sastra féminis marxis dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

BAB V eusina ngeunaan kacindekan jeung rekomendasi. Dina ieu bab bakal ditepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta naon waé hal-hal minangka rekomendasi pikeun panalungtikan saterusna.